

Nama : Dian Cesar Maharani
 No. UKG : 201502773522
 Unit kerja : SMPN 1 Padaherang

RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN DARING

Satuan Pendidikan	: SMP Negeri 1 Padaherang	Materi Pokok	: Carita Pondok
Mata Pelajaran	: Bahasa Sunda	Alokasi Waktu	: 1 x 40 menit
Kelas/Semester	: VIII/ 2	Pertemuan ke-	: 1

Kompetensi Dasar

3.7	Memahami dan mengidentifikasi struktur, unsur, dan aspek kebahasaan <i>carita pondok</i> .
-----	--

Indikator Pencapaian Kompetensi (IPK)

Peserta didik dapat:
3.7.1 Menganalisis ciri-ciri carita pondok sesuai dengan kaidah-kaidahnya.
3.7.2 Menyimpulkan definisi carita pondok sesuai dengan kaidah-kaidahnya.

Tujuan Pembelajaran

Melalui model pembelajaran <i>discovery learning</i> , peserta didik dapat menganalisis ciri-ciri carita pondok dan menyimpulkan definisi carita pondok dengan tepat dan santun.
--

Langkah-Langkah Kegiatan Pembelajaran:

a. Pendahuluan

- Guru mengarahkan siswa untuk membuka *spensa e-class* dengan cara membagikan link di grup WA.
- Guru menyiapkan peserta didik secara psikis dan fisik untuk mengikuti proses pembelajaran *secara daring* (di antaranya berdoa sebelum KBM dimulai).
- Guru menjelaskan tujuan pembelajaran atau kompetensi dasar yang akan dicapai.
- Guru menyampaikan cakupan materi dan penjelasan uraian kegiatan sesuai silabus.
- Guru menyampaikan teknik penilaian yang akan digunakan.

b. Kegiatan inti

Sintaks	Aktivitas
<i>Stimulation</i> (Pemberian Rangsangan)	• Peserta didik mengamati/ membaca contoh teks <i>carita pondok</i> melalui aplikasi <i>spensa e-class</i> (literasi).
<i>Problem Statement</i>	• Peserta didik dan guru bertanya jawab

(Identifikasi Masalah)	terkait dengan hal-hal yang berhubungan dengan <i>carita pondok</i> sehingga dapat membandingkan antara <i>carita pondok</i> , <i>novel</i> , dan <i>dongéng</i> serta dapat menyimpulkan definisi dan ciri-ciri <i>carita pondok</i> melalui proses analisis teks <i>carita pondok</i> . (<i>critical thinking</i>).
<i>Data Collection</i> (Pengumpulan Data)	<ul style="list-style-type: none"> • Peserta didik mendata informasi untuk mengerjakan LKPD sesuai dengan isi teks <i>carita pondok</i> yang dibacanya. • Pengerjaan LKPD.
<i>Data Processing (Pengolahan Data)</i>	<ul style="list-style-type: none"> • Peserta didik menyamakan persepsi dan mencatat hasil pembelajaran melalui fasilitas <i>daring</i> yang digunakan (<i>collaborative</i>).
<i>Verification (Pembuktian)</i>	<ul style="list-style-type: none"> • Siswa membuktikan LKPD yang telah dikerjakan dengan konsep dan teori yang telah ada, dengan dibimbing oleh guru melalui fasilitas <i>daring</i>. (<i>communicative</i>).
<i>Generalization (Menarik kesimpulan)</i>	<ul style="list-style-type: none"> • Peserta didik menyimpulkan definisi dan ciri-ciri <i>carita pondok</i>. (<i>creativity</i>)

c. Kegiatan Penutup:

- Guru melakukan refleksi hasil proses belajar yang telah dilaksanakan.
- Guru memberikan apresiasi kepada seluruh peserta didik yang telah bekerjasama dengan baik dalam KBM secara *daring*.
- Guru memberikan evaluasi untuk mengukur ketuntasan KBM melalui *spensa e-class*.
- Guru menginformasikan kegiatan yang akan dilaksanakan pada pertemuan berikutnya.
- Pembelajaran ditutup dengan doa.

Penilaian Pembelajaran:

1. Teknik penilaian:

- Penilaian Sikap: jurnal, observasi sikap (terlampir)
- Penilaian Pengetahuan:
 - Jenis tes : Tes tulis
 - Bentuk tes : Uraian

2. Instrument penilaian:

No.	IPK	Level Kognitif	Jumlah Soal	Nomer Soal
3.7.1	Menganalisis ciri-ciri carita pondok sesuai dengan kaidah-kaidahnya.	C4	5	1, 2
3.7.2	Menyimpulkan definisi carita pondok sesuai dengan kaidah-kaidahnya.	C5	5	3, 4, 5

Mengetahui
Kepala Sekolah

Drs. H. Rahmat, M.Pd.
NIP. 19630822 198403 1 002

Padaherang, 01 Mei 2021
Guru Mata Pelajaran

Dian Cesar Maharani, S.Pd.
NIP. 19891129 201903 2 006

LAMPIRAN BAHAN AJAR CARITA PONDOK
SIKLUS (PERTEMUAN) 1

Satuan Pendidikan	:	SMP Negeri 1 Padaherang	Materi Pokok	:	Carita Pondok
Mata Pelajaran	:	Bahasa Sunda	Alokasi Waktu	:	1 x 40 menit
Kelas/ Semester	:	VIII/ 2	Pertemuan ke-	:	1

Kompetensi Dasar

3.7	Memahami dan mengidentifikasi struktur, unsur, dan aspek kebahasaan <i>carita pondok</i> .
-----	--

Indikator Pencapaian Kompetensi (IPK)

Peserta didik dapat:	
3.7.1	Menganalisis ciri-ciri carita pondok sesuai dengan kaidah-kaidahnya.
3.7.2	Menyimpulkan definisi carita pondok sesuai dengan kaidah-kaidahnya.

Tujuan Pembelajaran

Melalui model pembelajaran <i>discovery learning</i> , peserta didik dapat menganalisis ciri-ciri carita pondok dan menyimpulkan definisi carita pondok dengan tepat dan santun.
--

Hidep kungsi maca carita pondok? Carita pondok téh sok disingget carpon. Dina sastra Indonesia mah disebutna cerita pendek atawa cerpen.

Carpon téh biasana mah sok dimuat dina koran atawa majalah. Aya ogé carpon nu geus dibukukeun ku pangarangna. Malah kiwari mah carpon téh geus loba nu diapungkeun dina media *online*. Ngaliwatan hp, hidep geus bisa maca carpon. Ayeuna pék baca conto carpon karangan Wawan Agus Purnama ieu di handap!

Ulangan Ngadadak

Karya Wawan Agus Purnama

Peuting tadi di lembur kuring aya anu nanggap wayang. Kuring lalajo nepi ka tabuh tilu subuh. Ramé tuda, lalakonna pikaresepeun. Katambah dalangna geus kasohor.

Teu inget saeutik ogé lamun isuk téh kudu sakola. Da sasarina mah ari aya lalajoaneun téh sok malem Minggu. Éta ogé hudang sotéh bané wé digeuingkeun ku Ema.

"Ujang, naha moal sakola?" Kuring ngoréjat.

Rét kana jam, geus satengan tujuh. Gesat-gesut ka cai. Teu mandi-mandi acan, da sieun kabaurangan.

Di jalan mani geus coréngcang. Anu arindit sakola kari hiji-dua. Biasa wé, barudak anu rada ngedul.

Datang ka sakola téh geus méh asup. Alhamdulillah, untung teu kaburangan ogé. Telat lima menit waé, geus pasti moal bisa asup ka kelas. Lamun kapanggih ku guru, tangtu bakal disetrap. Ditangtungkeun hareupeun kelas. Era temen. Dilalajoan ku babaturan.

Teu kaburu ulin, da barang lol gé ka kelas, locéng tanda asup kaburu disada. Gék diuk. Buku matématika dikaluarkeun. Diténjoan bisi aya PR anu can dipigawé. Ah, euweuh geuning. Jongjon haté téh. Cacak mun aya, cilaka dua welas.

Keur kitu, guru matématika asup ka kelas. Sanggeus barudak ngucapkeun salam, tuluy ngadunga heula babarengan. Terus diabsen hiji-hiji. Aya duaan anu absén téh. Si Udin jeung Si Yanto. Pasti maranéhna ogé kaburangan, da peuting téh sarua lalajo jeung kuring.

"Ayeuna sok kaluarkeun keretas salambar!" pokna.

"Pa, da ayeuna mah teu aya ulangan," Si Réni, murid anu pangwantérna di kelas kuring, kadéngé nyelengkeung tarik naker.

"Pokona mah ayeuna ulangan. Titik!"

"Da teu acan ngapalkeun," barudak saur manuk.

"Bapa ti heula geus papadon ka hidep, yén ngapalkeun mah kawajiban hidep. Hidep ngapalkeun téh ngarah maham kana eusi pangajaran. Jadi alusna mah ngapalkeun téh lain ari aya ulangan wungkul, tapi kudu jadi pagawéan anu rutin. Tah, ngarah siap upama aya ulangan ngadadak siga kieu. Sok ayeuna mah tulis soalna!" soanten Pa Guru aya ku tandes. "Ngehaja, Bapa hayang apal, naha hidep kabéh téh daria henteu dialajarna!"

Barudak kalah tingharuleng. Daék teu daék, éta téh paréntah guru. Kuring sorangan ukur bisa nyekelan sirah, bari neutep soal dina bor. Nu kaimpleng téh ukur carita wayang nu peuting dilalajoan. (dicutat tina <https://brainly.co.id/tugas/40604909>)

a. Ciri-ciri Carita Pondok

Dumasar kana hasil analisis téks carpon di luhur, kapanggih carpon téh mibanda ciri-ciri ieu di handap:

- 1) Aya nu ngarangna
- 2) Wangun karanganana pondok (5.000-10.000 kecap)
- 3) Sipat caritana naratif jeung fiktif
- 4) Eusina réalistis atawa kaharti ku akal
- 5) Biasana nyaritakeun hiji kajadian
- 6) Jumlah palakuna kawatesanan
- 7) Eusi caritana numuwuhkeun sikep anu positif ka nu maca ku cara leubeut atawa munel ku ajén atikan, moral, jeung karakter pikeun pieunteungeun atawa tuladeun nu maca.

b. Wangenan Carita Pondok

Carita anu dibaca ku hidep di luhur téh disebutna carita pondok (carpon). Carpon nya éta karya sastra wangun prosa anu ukuranana pondok. Carpon asalna téh tina basa Inggris, short story.

Pangna disebut carita pondok téh lantaran ukuran caritana kaitung pondok. Sanajan kitu ari lalakonna mah tamat sacaritaeun.

Lebah ukuran pondokna, aya anu ngukur ku jumlah kecapna nyaéta antara 5.000 – 10.000 kecap. Aya ogé nu ngukur ku waktu macana, nyaéta kurang leuwih sapat jam upama dibaca nepi ka réngsé téh. Tapi umumna carita pondok Sunda, upama diketik dua spasi maké ukuran kertas A4 téh, antara 4 – 8 lambar. Tangtu wé carpon barudak mah, umumna leuwih pondok ti dinya.

Kajadian-kajadianana ogé dina carpon mah ditétélakeun saperluna baé, henteu nyosok jero. Kajadian anu dicaritakeunana ilaharna museur kana kajadian utama. Lian ti éta, anu dicaritakeunana ogé hal-hal anu penting dipikanyaho ku nu maca. Atuh jalan caritana henteu loba pungkal-péngkolna, sarta konflikna basajan, henteu ngarancabang siga carita nu panjang. Kitu deui para palakuna tara loba-loba. Malah teu saeutik carpon anu palakuna ngan saurang. Anu matak sakapeung mah watek-watek palakuna ogé teu kagambar kalawan gembleng kawas dina novel. Pangna kitu téh lantaran kasengker ku carita anu kudu pondok téa.

Ilaharna pangarang sok ngagunakeun palaku “kuring” atawa “manéhna”.

Carpon kaasup kana prosa fiksi nyaéta karangan ciciptan, hartina lain kajadian saenyana, sanajan diréka saperti anu enya-nya kajadian.

Sok sanajan carpon téh sifatna fiksi (fiktif), tapi tetep jalan caritana kudu nyindekel kana kahirupan sapopoé anu kaharti ku akal, henteu pamohalan kawas dongéng. Palaku dina carpon ukur manusa, henteu jiga dongéng bisa naon waé (kayaning sasatoan, tutuwuhan atawa barang). Dina carpon tangtu aya nu ngarangna, sedengkeun dina dongéng henteu aya ku kituna dongéng mah sipatna anonim. Ogé dina carpon mah caritana mangrupa rahayat séntris (bahanna mawa tina kahirupan nu aya di rahayat sabudeureun, realistis), sedengkeun dongéng mah caritana mangrupa istana séntris (nyaritakeun sipat-sipat nu aya di karajaan).

Daftar Rujukan

Danadibrata, R.A. (2009). *Kamus Basa Sunda*. Bandung: Kiblat Buku Utama.

Faturohman, Taufik. (2017). *Gapura Basa*. Bandung: Geger Sunten.

Isnendes, Retty jeung Dedi Koswara. (2019). *Pangajaran Sastra Modern*. Bandung: Kementrian Pendidikan dan Kebudayaan.

Tampa nami [tn]. tampa taun [tt]. *Ulangan Ngadadak*. Aya dina: <https://brainly.co.id/tugas/40604909>

Tamsyah, Budi Rahayu. 1996. *Pangajaran Sastra Sunda*. Bandung: Pustaka Setia.



LAMPIRAN ALAT & MEDIA PEMBELAJARAN CARITA PONDOK SIKLUS (PERTEMUAN) 1

A. Alat

Alat yang digunakan dalam pembelajaran daring adalah gawai berupa telepon genggam (*smartphone*) dan laptop/ komputer yang tersambung dengan internet.

B. Media

Media yang digunakan dalam pembelajaran carita pondok secara daring adalah aplikasi *Whatsapp* grup dan *Spensa e-class*.



LAMPIRAN
LEMBAR KERJA PESERTA DIDIK (LKPD)

Satuan Pendidikan	:	SMP Negeri 1 Padaherang	Materi Pokok	:	Carita Pondok
Mata Pelajaran	:	Bahasa Sunda	Alokasi Waktu	:	1 x 40 menit
Kelas/Semester	:	VIII/ 2	Pertemuan ke-	:	1

Kompetensi Dasar

3.7	Memahami dan mengidentifikasi struktur, unsur, dan aspek kebahasaan <i>carita pondok</i> .
-----	--

Indikator Pencapaian Kompetensi (IPK)

Peserta didik dapat:	
3.7.1	Menganalisis ciri-ciri carita pondok sesuai dengan kaidah-kaidahnya.
3.7.2	Menyimpulkan definisi carita pondok sesuai dengan kaidah-kaidahnya.

Tujuan Pembelajaran

Melalui model pembelajaran <i>discovery learning</i> , peserta didik dapat menganalisis ciri-ciri carita pondok dan menyimpulkan definisi carita pondok dengan tepat dan santun.
--

A. Imeutan téks carita pondok ieu di handap masing gemet!

Ulangan Ngadadak

Karya Wawan Agus Purnama

Peuting tadi di lembur kuring aya anu nanggap wayang. Kuring lalajo nepi ka tabuh tilu subuh. Ramé tuda, lalakonna pikaresepeun. Katambah dalangna geus kasohor.

Teu inget saeutik ogé lamun isuk téh kudu sakola. Da sasarina mah ari aya lalajoaneun téh sok malem Minggu. Éta ogé hudang sotéh bané wé digeuingkeun ku Ema.

"Ujang, naha moal sakola?" Kuring ngoréjat.

Rét kana jam, geus satengan tujuh. Gesat-gesut ka cai. Teu mandi-mandi acan, da sieun kabaurangan.

Di jalan mani geus coréngcang. Anu arindit sakola kari hiji-dua. Biasa wé, barudak anu rada ngedul.

Datang ka sakola téh geus méh asup. Alhamdulillah, untung teu kabaurangan ogé. Telat lima menit waé, geus pasti moal bisa asup ka kelas. Lamun kapanggih ku guru, tangtu bakal disetrap. Ditangtungkeun hareupeun kelas. Era temen. Dilalajoan ku babaturan.

Teu kaburu ulin, da barang lol gé ka kelas, locéng tanda asup kaburu disada. Gék diuk. Buku matématika dikaluarkeun. Diténjoan bisi aya PR anu can dipigawé. Ah, euweuh geuning. Jongjon haté téh. Cacak mun aya, cilaka dua welas.

Keur kitu, guru matématika asup ka kelas. Sanggeus barudak ngucapkeun salam, tuluy ngadunga heula babarengan. Terus diabsen hiji-hiji. Aya dua anu absén téh. Si Udin jeung Si Yanto. Pasti maranéhna ogé kaburangan, da peuting téh sarua lalajo jeung kuring.

"Ayeuna sok kaluarkeun keretas salambar!" pokna.

"Pa, da ayeuna mah teu aya ulangan," Si Réni, murid anu pangwantérna di kelas kuring, kadéngé nyelengkeung tarik naker.

"Pokona mah ayeuna ulangan. Titik!"

"Da teu acan ngapalkeun," barudak saur manuk.

"Bapa ti heula geus papadon ka hidep, yén ngapalkeun mah kawajiban hidep. Hidep ngapalkeun téh ngarah maham kana eusi pangajaran. Jadi alusna mah ngapalkeun téh lain ari aya ulangan wungkul, tapi kudu jadi pagawéan anu rutin. Tah, ngarah siap upama aya ulangan ngadadak siga kieu. Sok ayeuna mah tulis soalna!" soanten Pa Guru aya ku tandes. "Ngahaja, Bapa hayang apal, naha hidep kabéh téh daria henteu dialajarna!"

Barudak kalah tingharuleng. Daék teu daék, éta téh paréntah guru. Kuring sorangan ukur bisa nyekelan sirah, bari neutep soal dina bor. Nu kaimpleng téh ukur carita wayang nu peuting dilalajoan. (dicutat tina <https://brainly.co.id/tugas/40604909>)

B. Pituduh Ngerjakeun LKPD

- a) Baca sing gemet téks carpon di luhur!
- b) Analisis ciri-ciri carpon tur cindekkeun wangenanna!
- c) Sabada dianalisis, prak pigawé pancén di handap!

C. Pancén

Sanggeus hidep maca kalayan gemet conto téks carpon di luhur, prak jawab patalékan ieu di handap sing pertéla!

1. Ku naon pangna eta carita di luhur téh disebut carita pondok?
2. Biasana dina carpon téh nyaritakeun hiji kajadian. Jéntrékeun kajadian utama nu aya dina éta carpon!
3. Éta carpon téh kaasup kana carita fiksi atawa non fiksi? Jelaskeun!
4. Tina sawatara soal di luhur, naon waé ciri-ciri carpon nu kacangking ku hidep?
5. Saéstuna naon atuh nu dimaksud carpon téh? Cindekkeun!

Konci jawaban:

1. Pangna disebut carita pondok téh lantaran ukuran caritana kaitung pondok. Sanajan kitu ari lalakonna mah tamat sacaritaeun. Lebah ukuran pondokna, aya anu ngukur ku jumlah kecapna nyaéta antara 5.000 – 10.000 kecap. Aya ogé nu ngukur ku waktu macana, nyaéta kurang leuwih saparapat jam upama dibaca nepi ka réngsé téh.
2. Nyaritakeun kuring anu datang ka sakola ampir kaburangan sabab peutingna geus lalajo wayang. Héng, di sakola tuluy ulangan matématika ngadadak.
3. Éta carpon kaasup kana carita fiksi, sabab carpon mah pan mangrupa karangan ciciptan, hartina lain kajadian saenyana, sanajan diréka saperti anu enya-nya kajadian.
4. Ciri-ciri carpon nyaéta:
 - Aya nu ngarangna
 - Wangun karanganana pondok (5.000-10.000 kecap)
 - Sipat caritana naratif jeung fiktif
 - Eusina réalistis atawa kaharti ku akal
 - Biasana nyaritakeun hiji kajadian, henteu kompléks saperti carita dina novel
 - Jumlah palakuna kawatesanan, henteu réa kawas novel
 - Eusi caritana numuwuhkeun sikep anu positif ka nu maca ku cara leubeut atawa munel ku ajén atikan, moral, jeung karakter pikeun pieunteungeun atawa tuladeun nu maca.(Jawaban gumantung siswa)
5. Carita pondok nyaéta karya sastra wangun prosa anu ukuranana pondok, bisa dibaca dina sakali diuk. Tapi najan pondok, ari lalakonna mah tamat sacaritaeun.
(Jawaban gumantung siswa)

Pedoman penskoran:

No. Soal	Kriteria	Skor
1.	Jika jawaban benar, tepat dan lengkap	2
2.	Jika jawaban benar, tepat dan lengkap	2
3.	Jika jawaban benar, tepat dan lengkap	2
4.	Jika jawaban benar, tepat dan lengkap	2
5.	Jika jawaban benar, tepat dan lengkap	2
Jumlah		10

Penghitungan nilai akhir dalam skala 0-100:

$$N = \frac{\text{Skor yang diperoleh}}{\text{Skor maksimal}} \times 100$$

LAMPIRAN INSTRUMEN SOAL

INSTRUMEN SOAL

Imeutan téks carita pondok ieu di handap masing gemet!

Ulangan Ngadadak

Karya Wawan Agus Purnama

Peuting tadi di lembur kuring aya anu nanggap wayang. Kuring lalajo nepi ka tabuh tilu subuh. Ramé tuda, lalakonna pikaresepeun. Katambah dalangna geus kasohor.

Teu inget saeutik ogé lamun isuk téh kudu sakola. Da sasarina mah ari aya lalajoaneun téh sok malem Minggu. Éta ogé hudang sotéh bané wé digeuingkeun ku Ema.

"Ujang, naha moal sakola?" Kuring ngoréjat.

Rét kana jam, geus satengan tujuh. Gesat-gesut ka cai. Teu mandi-mandi acan, da sieun kabeurangan.

Di jalan mani geus coréngcang. Anu arindit sakola kari hiji-dua. Biasa wé, barudak anu rada ngedul.

Datang ka sakola téh geus méh asup. Alhamdulillah, untung teu kabeurangan ogé. Telat lima menit waé, geus pasti moal bisa asup ka kelas. Lamun kapanggih ku guru, tangtu bakal disetrap. Ditangtungkeun hareupeun kelas. Era temen. Dilalajoan ku babaturan.

Teu kaburu ulin, da barang lol gé ka kelas, locéng tanda asup kaburu disada. Gék diuk. Buku matématika dikaluarkeun. Diténjoan bisi aya PR anu can dipigawé. Ah, euweuh geuning. Jongjon haté téh. Cacak mun aya, cilaka dua welas.

Keur kitu, guru matématika asup ka kelas. Sanggeus barudak ngucapkeun salam, tuluy ngadunga heula babarengan. Terus diabsen hiji-hiji. Aya duaan anu absén téh. Si Udin jeung Si Yanto. Pasti maranéhna ogé kabeurangan, da peuting téh sarua lalajo jeung kuring.

"Ayeuna sok kaluarkeun keretas salambar!" pokna.

"Pa, da ayeuna mah teu aya ulangan," Si Réni, murid anu pangwantérna di kelas kuring, kadéngé nyelengkeung tarik naker.

"Pokona mah ayeuna ulangan. Titik!"

"Da teu acan ngapalkeun," barudak saur manuk.

"Bapa ti heula geus papadon ka hidep, yén ngapalkeun mah kawajiban hidep. Hidep ngapalkeun téh ngarah maham kana eusi pangajaran. Jadi alusna mah ngapalkeun téh lain ari aya ulangan wungkul, tapi kudu jadi pagawéan anu rutin. Tah, ngarah siap upama aya ulangan ngadadak siga kieu. Sok ayeuna mah

tulis soalnya!" soanten Pa Guru aya ku tandes. "Ngahaja, Bapa hayang apal, naha hidep kabéh téh daria henteu dialajarna!"

Barudak kalah tingharuleng. Daék teu daék, éta téh paréntah guru. Kuring sorangan ukur bisa nyekelan sirah, bari neutep soal dina bor. Nu kaimpleng téh ukur carita wayang nu peuting dilalajoan.

(dicutat tina <https://brainly.co.id/tugas/40604909>)

Prak pigawé pancén ieu di handap!

1. Carita di luhur anu judulna “Ulangan Ngadadak” téh kaasup kana carita pondok, ari carita pondok téh nyaéta carita anu kawilang pondok. Naon anu jadi ukuran pangna disebut carita pondok?
2. Sanajan caritana kawilang pondok tur bisa dibaca ukur sababaraha menit, tapi lalakonna mah tamat sacaritaeun. Malahmandar eusina matak ngirut ati jeung loba pulunganeunana. Tina éta carpon di luhur, naon pulunganeunana keur urang?
3. Carpon téh mangrupa karya sastra prosa fiksi. Naon atuh nu dimaksud prosa fiksi téh?
4. Éta carita pondok di luhur téh, naha ngagambarkeun istana séntris atawa rahayat séntris? Jelaskeun!
5. Dongeng jeung carpon téh duanana kaasup carita fiksi. Dina dongeng mah aya unsur pamohalan, tapi ku naon dina carpon mah henteu aya?

Konci Jawaban

1. Pangna disebut carita pondok téh lantaran ukuran caritana kaitung pondok. Sanajan kitu ari lalakonna mah tamat sacaritaeun. Lebah ukuran pondokna, aya anu ngukur ku jumlah kecapna nyaéta antara 5.000 – 10.000 kecap. Aya ogé nu ngukur ku waktu macana, nyaéta kurang leuwih saparapat jam upama dibaca nepi ka réngsé téh.
2. Pulunganeunana keur urang, di antarana :
 - Lamun aya pangaresep, ulah kamalinaan
 - Ulah datang kaburangan ka sakola
 - Ngapalkeun téh ulah ngan saukur mun rék aya ulangan waé.(Jawaban gumantung siswa)
3. Prosa fiksi nyaéta karangan ciciptan, hartina lain kajadian saenyana, sanajan diréka saperti anu enya-nya kajadian.
4. Carpon nu judulna “Ulangan Ngadadak” ngagambarkeun rahayat séntris. Rahayat séntris téh nyaéta bahan caritana mawa tina kahirupan nu aya di rahayat sabudeureun, sipatna réalistis.

